

# FÒMILÈ VERIFIKASYON REVNI POU PWOGRAM BOUS DETID 2024-2025

Pwosis Verifikasyon Revni an enpòtan pou kèk fanmi. Si ou se yon nouvo kandida Bous Detid Ekspansyon EdChoice, ou dwe konplete pwosis verifikasyon revni an pou resevwa yon atribisyon bous detid. Si ou se yon kandida pou Bous Detid la epi ou kalifye pou estati fèb revni an, ou p ap bezwen peye frè eskolarite pi wo pase montan bous lekòl la. **Li rekòmande pou ou itilize Sistèm Verifikasyon Revni an pou konplete pwosis sa**, oubyen ou kapab konplete fòmilè sa epi voye li pa kourye ak divès kopi dokiman revni yo nan adrès ki sou paj twa (3) fòmilè sa a. Biwo bous detid la pa an mezi pou retounen dokiman orijinal yo ba ou; tanpri voye sèlman kopi. Si ou gen plis pase yon timoun ki aplike pou yon bous detid, se sèlman yon verifikasyon revni ki ap nesèsè. Gen divès zouti itil ki kapab jwenn sou sitwèb bous detid la nan [Bous Detid EdChoice \(EdChoice Scholarship\)](#) oubyen [Bous Detid Cleveland \(Cleveland Scholarship\)](#).

PARAN/GADYEN PRENSIPAL	NON: _____ (Prenon) (Dezyèm Prenon) (Non Fanmi) <b>ESTATI MATRIMONYAL OBLIGATWA</b>
	DAT NESANS: _____ IDANTITE SÈKS: <input type="checkbox"/> FEMINEN <input type="checkbox"/> MASKILEN KAT DÈNYE CHIF NAN SSN: _____
	ADRÈS FIZIK: _____
	VIL: _____ OHIO KÒD POSTAL: _____ GEN YON REVNI: <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON NIMEWO
	TELEFÒN: _____ ADRÈS IMEL: _____ NON LEKÒL PRIVE KOTE PITIT OU A ENSKRI AN: _____
<b>Site tout manm nan fwaye ou</b> ki gen ladan l elèv ki sou bous detid la. Fè yon kopi paj sa si plis espas nesèsè.	
#2	NON: _____ (Prenon) (Dezyèm Prenon) (Non Fanmi)
	DAT NESANS: _____ SÈKS: <input type="checkbox"/> FEMINEN <input type="checkbox"/> MASKILEN KAT DÈNYE CHIF SSN: _____
	RELASYON AVÈK OU: _____
	ESTATI BOUS DETID (KOCHE YOUN): NOUVO: <input type="checkbox"/> RENOUVÈLMAN: <input type="checkbox"/> PA APLIKAB: <input type="checkbox"/> GEN YON REVNI: <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON
#3	NON: _____ (Prenon) (Dezyèm Prenon) (Non Fanmi)
	DAT NESANS: _____ SÈKS: <input type="checkbox"/> FEMINEN <input type="checkbox"/> MASKILEN KAT DÈNYE CHIF SSN: _____
	RELASYON AVÈK OU: _____
	ESTATI BOUS DETID (KOCHE YOUN): NOUVO: <input type="checkbox"/> RENOUVÈLMAN: <input type="checkbox"/> PA APLIKAB: <input type="checkbox"/> GEN YON REVNI: <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON
#4	NON: _____ (Prenon) (Dezyèm Prenon) (Non Fanmi)
	DAT NESANS: _____ SÈKS: <input type="checkbox"/> FEMINEN <input type="checkbox"/> MASKILEN KAT DÈNYE CHIF SSN: _____
	RELASYON AVÈK OU: _____
	ESTATI BOUS DETID (KOCHE YOUN): NOUVO: <input type="checkbox"/> RENOUVÈLMAN: <input type="checkbox"/> PA APLIKAB: <input type="checkbox"/> GEN YON REVNI: <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON
#5	NON: _____ (Prenon) (Dezyèm Prenon) (Non Fanmi)
	DAT NESANS: _____ SÈKS: <input type="checkbox"/> FEMINEN <input type="checkbox"/> MASKILEN KAT DÈNYE CHIF SSN: _____
	RELASYON AVÈK OU: _____
	ESTATI BOUS DETID (KOCHE YOUN): NOUVO: <input type="checkbox"/> RENOUVÈLMAN: <input type="checkbox"/> PA APLIKAB: <input type="checkbox"/> GEN YON REVNI: <input type="checkbox"/> WI <input type="checkbox"/> NON

# FÒMILÈ VERIFIKASYON REVNI POU PWOGRAM BOUS DETID 2024-2025

Ou dwe soumèt dokiman yo pou tout sous revni nan kay ou an. Dokiman yo dwe reprezante revni aktyèl la. Piga ou voye dokiman orijinal yo, paske yo pa kapab retounen. Bouche 5 premye chif tout nimewo sekirite sosyal yo nan tout dokiman yo pandan w ap kite sèlman 4 dènye chif yo ki pou parèt. Gade paj 3 pou dokiman revni ki akseptab yo.

Site chak moun ki te genyen oubyen ki pa t genyen yon revni. Si yon moun gen plis pase yon sous revni, itilize plizyè liy.

ENFÒMASYON SOU REVNI	Prenon ak Non Fanmi	Non Patwon an oubyen Sous Revni an	Montan Avan Taks	Konbyen Fwa ou Te Resevwa li
	<i>Egzanp: John Smith Egzanp: Jane Smith</i>	<i>Anplwa- Pansyon Alimantè Kroger pou Timoun</i>	<i>\$1200 \$475</i>	<i>Chak De-Semèn</i>

X \_\_\_\_\_  
SIYATI PARAN/GADYEN LEGAL PRENSIPAL LA OBLIGATWA

\_\_\_\_\_ DAT

## FÒMILÈ VERIFIKASYON REVNI POU PWOGRAM BOUS DETID 2024-2025

Tablo anba a kapab ede ou detèmine si ou kalifye. Fanmi k ap renouvle Ekspansyon EdChoice la p ap bezwen konplete pwosesis verifikasyon revni an chak ane, amwens ke yo ta renmen fè yo rekalkile revni fwaye yo pou montan atribisyon yo a.

KANTITE KI NAN FWAYE A	SALÈ BRIT ANYÈL AJISTE MONTAN (200%)
1	\$30,120
2	\$40,880
3	\$51,640
4	\$62,400
5	\$73,160
6	\$83,920
7	\$94,680
8	\$105,440
<b>POU CHAK MOUN ADISYONÈL AJOUTE:</b>	\$10,760

Revni Brit Ajiste (Adjusted Gross Income, AGI ) a pral itilize pou kalkile revni fwaye a si paran/gadyen an bay deklarasyon revni federal 1040 aktyèl li a oubyen deklarasyon revni IT1040 Ohio li a.

Tay fwaye a ap detèmine selon sa ki swiv la:

- Elèv ki elijib ak gadyen legal pa yo;
- Konjwen gadyen legal la oubyen paran nesans nenpòt timoun ki gen mwens pase dizwit tan;
- Timoun ki gen mwens pase dizwit lane ki ap viv avèk gadyen legal la;
- Pitit paran oubyen gadyen legal yon elèv ki elijib ki se elèv aprentan ki gen vennde zan oubyen mwens;
- Adilt ki andikape oubyen avèg oubyen timoun ki lye ak paran oubyen gadyen legal elèv ki elijib la;
- Paran ki aje ki gen swasantan epi ki reklame tèt yo antan ke yon depandan pou objektif taks sou revni federal la.

## KÒMAN POU KONPLETE PWOSESIS VERIFIKASYON REVNI AN

1. Jwenn Fòmilè Verifikasyon Revni an sou [sitwèb Depatman](#) oubyen lekòl ki pa piblik kote ou te aplike oubyen te renouvle yon bous detid. (Ranpli paj 1 ak 2 nan dokiman sa a)
2. Konplete enfòmasyon sou paran/gadyen an nan paj 1, ranpli tout liy yo. Sa ta dwe menm ak enfòmasyon ou te bay nan fòmilè demann/renouvèlman bous detid la.
3. Site manm fwaye yo (sa vle di, konjwen, timoun yo) sou paj 1 epi bay tout enfòmasyon yo mande.
  - a) Apati ane lekòl 2024-2025 lan; Manm fwaye ki gen plis pase 18 lane kapab antre pa fanmi an. Depandan sa yo dwe deklare sou 1040 Federal la oubyen State IT1040- Sequence 9 antan ke depandan pou kalifye.
4. Ekri sous revni ou yo nan paj 2 a epi bay divès kopi pyès jistifikatif, akseptab.
5. Siyen nan anba paj 2 a. Piga ou retounen paj 3-4.
6. Baze sou fwaye ou, detèmine nan lis ki anba a kisa ki adapte ak estati ou. Pa egzanp: Si estati ou se (a) nan chwa anba yo, ou sèlman dwe soumèt dokiman yo pou opsyon sa a, pa tout ladan yo.
  - a) Si ou ap travay aktyèlman epi ou genyen menm travay ou te genyen pandan tout ane pase a, voye swa 4 fich pèman aktyèl pou chak travay, fòmilè W-2 ou yo, fòmilè Federal Income Tax Return (Deklarasyon Taks sou Revni Federal) 2023 ou yo, Federal Income Tax Transcripts (relve Taks sou Revni Federal) 2023 ou yo oubyen Ohio IT1040 tax return (deklarasyon taks Ohio IT1040) 2023 ou an.
  - b) Si ou ap travay aktyèlman men ou pa t ap travay nan travay aktyèl ou an pandan tout ane pase, voye 4 fich pèman aktyèl pou chak travay; Mwayèn brit 4 fich yo pral itilize pou kalkile revni ou an.
  - c) Si ou se yon travayè endepandan, voye yon kopi fòmilè Federal Income Tax Return 2023 ou an, relve Federal Income Tax 2023 ou an, oubyen State Income IT1040 Tax Return 2023 ou an.
  - d) Si ou resevwa lòt sous revni tankou bon alimentasyon (food stamps)/OWF, pansyon alimentè pou timoun, chomaj, Sekirite Sosyal, elatriye, alò ou dwe voye divès kopi dokiman ofisyèl ki montre konbyen w ap resevwa nan chak sous. Pa egzanp, si aktyèlman w ap travay epi w ap resevwa food stamps ak pansyon alimentè pou timoun, ou dwe soumèt kat fich pèman aktyèl, dokiman ofisyèl ki montre konbyen w ap resevwa nan bon alimentè yo, ak dokiman ofisyèl ki montre konbyen w ap resevwa nan pansyon alimentè.
  - e) Si ou pa gen revni oubyen ou pa genyen fich pèman oubyen W-2, bay Federal tax transcript (relve taks Federal) 2023 ke ou jwenn nan men IRS. Tanpri voye pa lapòs yon kopi fòmilè sa nan biwo nou an avèk fòmilè Verifikasyon Revni (Income Verification Form) an.
  - f) Si aktyèlman ou nan chomaj, tanpri bay yon lèt separasyon ki soti nan men patwon an ki endike dènye jou anlwa ou an ak dènye bilten pèman ou an.

**PIGA ou voye dokiman orijinal yo.** Fè divès kopi (pa egzanp, W-2, bilten pèman, elatriye.) pou voye bay biwo nou an epi bouche 5 premye chif tout nimewo sekirite sosyal yo sou tout dokiman yo pandan w ap kite sèlman 4 dènye chif yo ki pou parèt. Soumèt sèlman yon (1) fòmilè pa fanmi. (Pa egzanp, yon fanmi avèk 3 elèv nan pwogram lan ap sèlman bezwen voye fòmilè a yon fwa pa ane lekòl.) Kenbe yon kopi pou dosye ou yo.

Verifikasyon Revni (Income Verification) an kapab transfere pa kourye oubyen soumèt elektwonikman. Fòmilè Verifikasyon Revni an akonpanye ak pyès jistifikatif revni yo ka voye pa lapòs nan **Ohio Department of Education and Workforce, Office of Nonpublic Educational Options 25 S. Front Street, Mail Stop 309, Columbus, Ohio 43215-4183.**

Pou soumèt anliy pou tretman, paran yo kapab [konsilte sitwèb nou an](#) pou enstriksyon pou aksede ak pòtay paran ak gid pou soumèt elektwonikman. Paran yo responsab pou soumèt pyès Verifikasyon Revni yo, se pa lekòl prive a. Kontakte Biwo Opsyon Edikatif Non Piblik (Office of Nonpublic Educational Options) nan 614-728-2743, oubyen pa imel nan [edchoice@education.ohio.gov](mailto:edchoice@education.ohio.gov) oubyen [cleveland.scholarship@education.ohio.gov](mailto:cleveland.scholarship@education.ohio.gov), si ou gen nenpòt kesyon.

*Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio (Ohio Department of Education and Workforce) pa diskrimine sou baz ras, relijyon, sèks, nasyonalite, laj, andikap, oubyen orijin etnik. Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio a se yon [patwon opòtinite ekitab \(equal opportunity employer\)](#) ak yon founisè [sèvis ADA](#). Avi sou [Non-Diskriminasyon](#) Depatman an ap aplike pou tout pwogram yo ak aktivite yo.*

Gade Depatman [Politik Diskriminasyon Enfimite](#) and [Politik Diskriminasyon Pwosedè pou Plent](#).  
Pou plis enfòmasyon sou avi sou non-diskriminasyon, vizite [ocrcas.ed.gov/contact-ocr](http://ocrcas.ed.gov/contact-ocr) pou adrès ak nimewo telefòn biwo ki sèvi zòn ou an, oswa rele 1-800-421-3481..